

 <b>UNIVERSITY of MARYLAND CAPITAL REGION HEALTH</b>		<b>PFS LIVRÈ ENFÒMASYON SOU REGLEMAN AK PWOSEDI</b>
<b>Tit:</b> Èd Finansyè		<b>Nimewo Pwosedì:</b> PFS.FIN.01
<b>Moun ki Bay li:</b> Sèvis Finansye Pasyan	<b>Dat antre an vigè:</b> 2/3/2017	<b>Dat Revizyon:</b> 2/3/2017
<b>Apwobasyon:</b> Eileen Pride		
<b>A.</b> Sipèvizè/Manadjè	<b>B.</b> Asistan Direktè Depatman	<b>C.</b> Direktè Anchèf, Sèvis Finansye Pasyan

## RÈGLEMAN:

DHS pran angajman pou li ofri èd finansyè bay moun ki gen bezwen swen sante, lè moun sa yo pa gen asirans ditou, pa gen ase asirans, pa kalifye pou yon pwogram gouvènman, oswa gen lòt rezon ki fè yo paka peye, pou swen dijans ak swen medikal ki nesèsè, baze sou sityasyon finansyè endividyèl yo.

Se règleman Antite DHS yo pou ofri Èd Finansyè baze sou povrete oswa gwo depans medikal lè pasyan yo reponn a senten kritè finansye espesifik e mande pou yo ede yo. Objektif deklarasyon sou règleman ki annapre a, se pou dekri kijan aplikasyon pou Èd Finansyè a ta dwe fèt, kritè pou kalifikasyon, ak etap aplikasyon an.

Antite DHS yo pral pibliye ki Èd Finansyè ki disponib chak ane nan jounal lokal yo epi y ap afiche avi sou disponiblite nan pwen admisyon ki apwopriye epitou nan Biwo Faktirasyon an. Y ap voye avi sou disponiblite an bay pasyan yo tou, ansanm ak bòdwo pasyan yo. Y ap mete afich nan espas kote pasyan yo ye pi souvan. Anvan yo egzeyate, e lè yo mande pou li, y ap bay tout pasyan yon Fèy Enfòmasyon sou Faktirasyon ak Èd Finansyè (Patient Billing and Financial Assistance Information Sheet).

Yo gen dwa ofri Èd Finansyè apre yo fin revwa e dokimante sikonstans finansye endividyèl yon pasyan. Sa ta dwe gen ladan yon revizyon depans ak dèt medikal yon pasyan genyen deja (pa egzanp nenpòt ki kont ki vin tounen move dèt, esepite kont ki t al nan pwosè e ki te jwenn jijman) e nenpòt ki depans medikal yo pwojte. Yo ka ofri Aplikasyon pou Èd Finansyè bay pasyan ki gen kont yo nan men yon ajans koleksyon e bay moun ki gen kont ki pa resevwa yon jijman.

Se dwa DHS, selon sa li deside, pou li detèmine kapasite yon pasyan pou li peye. Tout pasyan ki vini pou resevwa sèvis dijans pral jwenn trètman menm si yo pa kapab peye. Pou sèvis dijans, yo pral konplete, resevwa, e evalye aplikasyon pou Pwogram Otorizasyon Finansyè a (Financial Clearance Program) apre, e sa pa pral retade swen pou pasyan an resevwa.

### KALIFIKASYON POU PWOGRAM NAN

Nan kad misyon yo ki se bay sèvis an tout konpasyon ansanm ak bon jan kalite swen sante epitou defann moun ki pa gen mwayen pou peye pou swen medikal nesèsè, lopital DHS fè efò pou asire pwoblèm lajan pa anpeche ankenn moun ki bezwen sèvis swen sante chèche oswa resevwa swen.

**PWOSEDI, Kontinye****Esklizon espesifik pou pwoteksyon nan kad pwogram Èd Finansyè a gen ladan sa ki annapre yo:**

1. Sèvis moun jwenn nan men pwofesyonèl lasante ki pa afilye ak lopital DHS yo (paregzanp, ekipman medikal dirab, sèvis sante adomisil)
2. Pasyan ki gen asirans ki refize peye pou sèvis konpayi asirans yo (paregzanp, HMO, PPO, oswa Konpansasyon Travayè), pa kalifye pou Pwogram Èd Finansyè.
  - a. Anjeneral, Pwogram Èd Finansyè a pa disponib pou peye pou sèvis konpayi asirans la refize peye pou pasyan an; sepandan, eksepsyon gen dwa fèt selon ka a, selon enplikasyon medikal ak pwogram.
3. Balans ki poko peye pou sèvis kosmetik oswa lòt sèvis ki pa nesèsè medikalman
4. Atik pou kovenyans Pasyan an
5. Manje ak lojman pasyan an
6. **Règleman sou èd finansyè DHS la pa konsène bòdwo doktè ki gen rapò ak dat sèvis la Pasyan ki vle jwenn èd finansyè pou bòdwo doktè a ba yo dwe kontakte doktè a dirèkteman.**

**Pasyan gen dwa pa kalifye pou Èd Finansyè pou rezon sa yo:**

1. Li refize bay dokiman yo mande yo oswa li bay enfòmasyon ki enkonplè.
2. Li gen asirans nan men yon pwogram HMO, PPO, Konpansasyon Travayè, Medicaid, oswa lòt pwogram asirans ki refize aksè a lopital la akòz restriksyon / limit asirans la.
3. Li pa peye kopeman jan Pwogram Èd Finansyè a mande.
4. Li pa respekte ako lite fè avèk DHS pou peye.
5. Li pa fè aranjman apwopriye pou peye dèt li te genyen deja anvè DHS (sa gen ladan pasyan yo te voye bay yon ajans koleksyon estèn pou yon dèt li te gen depi anvan).
6. Li refize fè evalyasyon pou wè si li kalifye pou lòt pwogram èd anvan li soumèt yon aplikasyon bay Pwogram Otorizasyon Finansyè a.
7. Li refize divilge enfòmasyon ki gen rapò ak yon reklamasyon responsablite legal ki annatant
8. Li se yon etranje-sitwayen k ap vwayaje Ozetazini e k ap chèche swen medikal ochwa, ki pa ijan

Pasyan ki vin kalifye pou pwogram nan pral oblije peye nenpòt ki balans ki genyen e yo gen dwa voye yo nan yon sèvis move dèt si yo pa fin peye balans lan nan delè yo antann yo a.

Pasyan ki di yo p ap travay e yo pa gen asirans oblije soumèt yon Aplikasyon Èd Finansyè sof si yo satisfè kritè prezonptif Kalifikasyon Èd Finansyè yo. Si pasyan an kalifye pou asirans COBRA, Konseye/Kowòdonatè Finansyè a dwe revwa kapasite finansyè pasyan an pou peye prim asirans COBRA yo e rekòmandasyon dwe fèt bay Lidè Anchèf yo. Yo dwe ankouraje moun ki gen kapasite finansyè pou yo achte asirans sante pou yo fè sa, pou yo kapab jwenn aksè a sèvis swen sante e pou sante pèsonèl jeneral yo.

Kantite lajan yo peye pou asirans la ap baze sou 200-500% revni, jan sa defini nan direktiv povrete federal yo kiibliye chak ane nan Rejis Federal la. Nouvo direktiv yo ap antre an vigè premye jou chak mwa apre piblikasyon.

**Èd Finansyè Prezonptif**

Yo gen dwa konsidere Pasyan yo tou pou Elijibilite Prezonptif pou Èd Finansyè. Gen sikonstans ki fè yon pasyan gen dwa sanble li kalifye pou èd finansyè, men pa gen fòm èd finansyè nan dosye a. Pasyan oswa lòt sous bay ase enfòmasyon ki bay ase prèv pou yo bay pasyan an èd finansyè. Sizoka pa gen prèv pou montre yon pasyan kalifye pou èd finansyè, DHS rezève dwa pou sèvi ak ajans ekstèn oswa enfòmasyon pou detèmine elijibilite pou èd finansyè e potansyèlman montan ki pi ba pou swen yo. Yon fwa yo detèmine sa, akòz nati sikonstans prezonptif yo, sèl èd finansyè yo gen dwa bay se eliminasyon a 100% balans ki sou kont la. Elijibilite Prezonptif pou Èd Finansyè va sèlman kouvri dat espesifik pasyan

**PWOSEDI, Kontinye**

an te jwenn sèvis yo. Yo gen dwa detèmine elijibilite prezonptif sou baz sikonstans endividyèl lavi yon moun, tankou pa egzanp:

- a. Èd Medikal ki aktif pou depans nan famasi
- b. Pwoteksyon SLMB
- c. Pwoteksyon PAC
- d. Moun ki pa gen kay
- e. Pasyan “Medical Assistance” ak “Medicaid Manage Care” pou sèvis yo resevwa nan sal dijans, andeyò sa pwogram sa yo kouvri.
- f. Montan “Medical Assistance”
- g. Elijibilite pou lòt pwogram èd onivo leta oswa onivo lokal
- h. Pasyan an mouri san yo pa konnen ki byen li kite dèyè
- i. Pasyan ki deside pou yo satisfè kritè ki etabli selon ansyen Pwogram Asistans Medikal pou Leta Sèlman (State Only Medical Assistance Program)
- j. Moun ki pa sitwayen e ki pa kalifye
- k. Sèvis “Medical Assistance ki pa elijib pou pasyan ki elijib pou “Medical Assistance”
- l. Pasyan ki pa gen idantite (Kont ki pa gen non, apre yo fè tout efò posib pou idantifye moun nan)
- m. Fayit, selon sa lalwa di, jan tribinal federal yo mande

**Sèvis oswa kritè espesifik ki pa ekijib pou Èd Finansyè Prezonptif gen ladan:**

- a. Pwogram nan p ap peye pou pwosedi ki konplètman ochwa (paregzanp, kosmetik)
- b. Pasyan ki pa gen asirans e ki te jwenn swen nan Depatman Dijans la, grasa yon Petisyon Dijans, p ap sou konsiderasyon pou pwogram èd finansyè prezonptif la, toutotan pwogram Maryland Medicaid Psych pa resevwa bòdwo.

**PWOSEDI**

1. Gen de moun ki la pou resevwa aplikasyon Èd Finansyè. Anplwaye sa yo gen dwa Konseye Finansye, Kowòdinatè Kont Finansye Pasyan, Reprezantan Sèvis Alakliyantèl, elatriye.
2. N ap fè tout efò posib pou bay kalifikasyon finansyè anvan dat sèvis la. Kote sa posib, anplwaye yo deziyen ap konsilte pa telefòn oswa rankontre pasyan ki mande Èd Finansyè pou wè si yo satisfè kritè preliminè pou asistans.
  - a. Anplwaye a ap verifye kalifikasyon pasyan an avèk pwogram Medicaid la pou Pèman Pèsonel pasyan an (“Self-Pay”) pou verifye si pasyan an gen asirans.
  - b. Done preliminè yo pral nan yon sistèm echanj done yon lot pati pou detèmine elijibilite pwobab. Pou ede pwosesis la, chak aplikan dwe bay enfòmasyon sou kantite moun ki nan fanmi an e revni yo. Pou ede aplikan konplete pwosesis la, n ap bay yon aplikasyon ki pou fè yo konnen ki papyè nou mande pou yon desizyon final sou kalifikasyon.
  - c. Y ap gade aplikasyon pasyan an voye li menm, travay sou li, epi enstriman lot pati a pwal sèvi ak senten done pou detèmine kalifikasyon an. Y ap voye bay chak pasyan ki fè yon demann fòmèl pou èd finansyè yon lèt ki gen desizyon final la. Sa va pran de jou ouvrab pou pran yon desizyon sou Kalifikasyon Pwobab yon pasyan apre yon demann pou sèvis charite, aplikasyon pou èd medikal, oswa toude

**PWOSEDI, Kontinye**

- d. Apre yo resevwa aplikasyon pasyan an, pasyan an ap gen trant (30) jou pou voye dokiman yo mande yo, pou yo wè si li kalifye. Si yo pa resevwa done yo nan yon delè 30 jou, y ap voye yon lèt refi pou di ka a fenmen poutèt pasyan an pa voye dokiman yo mande yo. Pasyan an kapab aplike pou pwogram nan ankò e ouvri yon nouvo ka si li pa respekte delè yo te ba li premye fwa a. Pwosesis aplikasyon pou Èd Finansyè an ap kòmanse omwen 240 jou apre yo voye premye bòdwo bay pasyan an lè li fin egzeyate.
  - e. Yo dwe bay yon avi endividyèl konsènan règleman lopital la nan zafè swen charitab anvan admisyon oswa pandan admisyon chak grenn moun k ap chèche jwenn sèvis nan lopital la.
3. Pral gen yon pwosesis aplikasyon nan tout lokal DHS yo. Yo egzije pou pasyan an oblije bay yon Aplikasyon Èd Finansyè li ranpli aloral oswa alekri. Anplis de sa, yo gen dwa mande sa ki annapre yo:
- a. Kopi ki pi resan Revni sou Taks Federal li (si li marye epi li fè taks li apa, yon kopi revni sou taks mari oswa madanm li); prèv revni moun ki andikape (si sa aplikab), prèv revni sekirite sosyal (si sa aplikab). Si li p ap travay, prèv rezonab li ochomaj tankou pa egzanp deklarasyon ki sòti nan Biwo pou Asirans Chomaj, yon deklarasyon soti nan men sous aktyèl soutyen finansye, elatriye...
  - b. Yon kopi souch chèk travay ki pi resan yo (si l ap travay) oswa lòt prèv ki montre revni.
  - c. Yon Avi Detèminasyon ki soti nan men “Medical Assistance” (si sa aplikab).
  - d. Kopi bòdwo ipotèk oswa Lokasyon (si sa aplikab), oswa lòt dokiman alekri sou sitiyasyon lojman aktyèl li.

Y ap voye yon demann alekri bay pasyan an pou enfòmasyon ki manke yo. Y ap aksepte prezantasyon aloral enfòmasyon yo bezwen yo, lè sa apwopriye.

4. Yon pasyan kapab kalifye pou Èd Finansyè swa poutèt li pa gen ase asirans, swa poutèt li gen twòp depans medikal. Yon fwa yon pasyan soumèt tout enfòmasyon ki nesèsè yo, Konseye Finansye an pral revize epi analize aplikasyon an e voye l bay Depatman Sèvis Finansye Pasyan an pou yon detèminasyon final pou kalifikasyon, baze sou direktiv DHS.
- a. Si yo wè aplikasyon pasyan an fè pou Èd Finansyè an konplè e apwopriye, Kowòdonatè Finansye an ap rekòmande nivo kalifikasyon pasyan an e voye aplikasyon an pou yon dezyèm apwobasyon final.
    - i) Si pasyan an kalifye pou Èd Finansyè, Kowòdonatè Finansye an ap avèti anlwaye klinik yo, ki lè sa a, ap kapab bay pasyan an randevou pou sèvis ki apwopriye nan lopital la.
    - ii) Si pasyan an pa kalifye pou Èd Finansyè, Kowòdonatè Finansye an ap fè anlwaye klinik yo konnen ki detèminasyon yo te pwan e yo p ap bay randevou pou sèvis ki pa ijan nan lopital la.
      - (1) Yon gen dwa rekonsidere desizyon ki fè yo pa bay pasyan an randevou pou sèvis ki pa ijan nan lopital la si yo mande Komite Egzekitif Otorizasyon Finansye .
      - (2) Komite Egzekitif Otorizasyon Finansye an gen ladan Asistan Direktè PFS, Direktè Anchèt Sik Revni, Manadjè Risk DHS, ak CFO.
      - (3) CFO a va siyen tout ka swen charitab ki depase \$50,000.
5. Chak depatman klinik gen opsyon pou li deziyen sèten pwosedi ochwa ki pa ofri okenn opsyon Èd Finansyè.
6. Yon fwa yon pasyan apwouve pou Èd Finansyè, Èd Finansyè an ap kòmanse menm mwa yo apwouve li a, jiska 3 ane anvan, epi jiska sis (6) mwa sou kalandriye an nan tan k ap vini yo. Sepandan, pa gen okenn limit sou peryòd kalifikasyon Èd Finansyè an. Y ap detèmine chak peryòd kalifikasyon selon ka a. Si yo bay sèvis swen sante adisyonèl apre peryòd yo apwouve a, pasyan an dwe aplike ankò pou jwenn otorizasyon pou pwogram nan. Anplis de sa, Depatman Pwogram Èd Finansyè an dwe resevwa enfòmasyon sou tout chanjman nan revni, byen, depans oswa sitiyasyon fanmi pasyan an. Tout aktivite Aksyon Koleksyon Ekstwodinè (Extraordinary Collections Action), jan

**PWOSEDI, Kontinye**

yo defini anba a, ap sispann yon fwa yo fin awpouve èd finansyè pou pasyan an epi pasyan an fin peye tout balans ki sou responsabiltè li.

*Yo gen dwa pran Aksyon Koleksyon Ekstwòdinè (ECAs) sou kont yo pa diskite oswa ki pat gen yon aranjman pèman. Eksepte nan sikonstans eksepsyonèl, aksyon sa yo ap fèt pa pi bonè pase 120 jou ki vini apre yo soumèt premye bòdwo an bay pasyan an, epi yo pral voye yon avètisman 30 jou anvan yo kòmanse aksyon ECA a. Y ap fè pasyan an konnen si gen èd finansyè ki disponib e y ap fè yon revizyon kalifikasyon prezonpte anvan yo pran yon aksyon.*

- i) Yo gen dwa pran lajan pa fòs nan men pasyan sa yo si gen jijman.*
- ii) Tribinal la gen dwa mete yon blòk sou rezidans prensipal yo. Etablisman an pa pral pouswiv sezi yon rezidans prensipal men li ka kenbe pozisyon nou kòm kreyansye sekirize si yo vin pou sezi pwopriyete a nan lòt kondisyon.*
- iii) Balans ki rete sou yon kont ki fèmen ka parèt sou yon rapò kredi oswa al nan jijman/pèman fòse, e yo ka ouvri kont la ankò si pasyan an kontakte etablisman an konsènan rapò sou balans la. Y ap atann aske pasyan an fè pèman pou rezoud nenpòt pwoblèm kredi, jouk etablisman an jije li te mèt efase balans ki rete a.*
- iv) Aksyon Koleksyon Ekstwòdinè mande apwobasyon Komite Otorizasyon Finansye a.*

7. Si yo detèmine pasyan an pa kalifye, y ap fè tout efò posib pou kolekte kopèman, dediktib oswa yon pousantaj balans yo atann pou sèvis la, anvan dat sèvis la, oswa yo gen dwa voye balans la nan koleksyon nan dat sèvis la.
8. Y ap voye yon lèt bay chak pasyan ki fè yon aplikasyon fòmèl ki gen desizyon final la.
9. Desizyon sou ranbousman baze sou kilè yo te detèmine pasyan an paka peye konpare ak lè pasyan an te fè pèman yo. Yo gen dwa remèt lajan bay pasyan an sou fòm yon kredi sou balans la, akòz pèman pasyan an fè, apre yo apwouve èd finansyè pou balans yo konsidere yo. Y ap ranbouse pèman yo te resewva pou swen pasyan an te jwenn pandan peryòd kalifikasyon pou èd finansyè a, si kantite lajan an depase responsabiltè pasyan an de \$5.00 oswa pi plis.
10. Pasyan ki gen aksè a lòt swen medikal (pa egzanp, asirans primè ak segondè oswa yon pwofesyonèl medikal obligatwa, sa yo rele tou yon “carve-out”) dwe itilize tout benefis rezo yo anvan yo aplike pou Pwogram Èd Finansyè a.

**Difikilte Finansyè**

Y ap pran ka kantite depans medikal ki fèt san asirans nan yon etablisman DHS pou detèmine kalifikasyon yon pasyan pou Pwogram Èd Finansyè a. Direktiv annapre yo dekri yon detèminasyon siplemantè apa pou Èd Finansyè, ki rele Difikilte Finansyè. Y ap ofri Difikilte Finansyè bay tout pasyan ki aplike pou Èd Finansyè.

Èd Medikal pou Difikilte Finansyè disponib pou pasyan ki otreman pa kalifye pou Èd Finansyè selon direktiv prensipal règleman sa a, men pouki:

- 1) Dèt medikal li vin genyen nan etablisman DHS la depase 25% Revni Anyèl yon Fanmi, sa ki kreye yon Difikilte Finansyè Medikal; e
- 2) li satisfè nòm revni pou nivo èd sa a.

**PWOSEDI, Kontinye**

Pou pasyan ki kalifye pou Swen a Pri Redwi selon kritè prensipal Èd Finansyè a, epitou selon kritè Èd pou Difikilte Finansyè a, DHS ap akòde rediksyon sou bòdwo ki pi favorab pou pasyan an, pou trètman medikal nesèsè, lè depans la depase 25% revni anyèl fanmi an sou yon peryòd douz (12) mwa.

Definisyon Dèt Medikal se depans ki soti nan pòch pasyan an pou sèvis etablisman an bay pou trètman medikal nesèsè.

Yon fwa yo apwouve yon pasyan pou li resevwa Èd pou Difikilte Finansyè, l ap kòmanse resevwa èd sa a nan mwa premye dat sèvis ki kalifye a, e jiska douz (12) mwa sou kalandriye a, apre dat yo fini evalyasyon aplikasyon an. Y ap evalye chak pasyan selon ka pa yo, pou peryòd evalyasyon an, selon debi maladi / epizòd swen an. L ap kouvri pasyan an ansanm ak manm fanmi pwòch k ap viv nan kay la pou pri redwi yo apwouve a epi peryòd kalifikasyon pou trètman medikal nesèsè. Èd sa a pa aplikab pou pwosedè ochwa oswa pwosedè kosmetik. Sepandan, pasyan oswa moun k ap peye a dwe fè lopital la konnen li kalifye lè enskripsyon oswa admisyon an. Pou kontinye avèk pwogram nan apre ekspirasyon chak peryòd apwobasyon pou kalifikasyon, chak pasyan dwe aplike ankò pou yo rekonsidere yo. Anplis de sa, pasyan yo te apwouve pou pwogram nan deja dwe enfòmè lopital yo si gen yon chanjman ki fèt nan revni, byen, depans, oswa sitiasyon fanmi (kay la) nan yon delè 30 jou apre chanjman sa a (yo).

Tout lòt kalifikasyon, diskalifikasyon, ak pwosedè pou kritè prensipal pwogram Èd Finansyè a aplikab pou kritè Èd pou Difikilte Finansyè a, sòf si yo di lekòtrè anwo a.

**Apèl**

- Si yo refize aplikasyon yon pasyan pou èd finansyè, li gen opsyon pou fè apèl kont desizyon an.
- Apèl la ka fèt vèbalman oswa alekri.
- Yo ankouraje pasyan yo soumèt lòt prèv ki montre poukisa yo dwe chanje lide konsènan refi a.
- Yo dokimante apèl yo nan baz done yon tyès pati. Apre sa, yon lòt administratè, ki gen plis otorite pase reprezantan ki te refize premye aplikasyon an, revize li.
- Si premye nivo apèl la pa lakòz yo chanje lide sou refi a, pasyan an ka chwazi ale pi wo toujou sou echèl administrasyon an, pou jwenn pi plis konsiderasyon toujou.
- Li gen dwa monte jouk li rive sou Ofisye Finansyè Anchèf la, k ap pran desizyon final la.
- Y ap voye yon lèt ki gen desizyon final la bay chak pasyan ki fè yon apèl fòmèl.

**Jijman**

Si apre yon jijman prononse oswa dèt la al jwenn yon ajans rapò sou kredi, yo deside pasyan an te kalifye pou Èd Finansyè, DHS ap fè yo anile jijman epi/oswa efase enfòmasyon ki pa bon an sou kredi a.

**PWOSEDI, Kontinye**

<b>% y ap Efase</b>	<b>100%</b>	<b>100%</b>	<b>70%</b>	<b>60%</b>	<b>50%</b>	<b>25%</b>
<b>Kantite moun nan fanmi an</b>	<b>Revni</b>	<b>Revni</b>	<b>Revni</b>	<b>Revni</b>	<b>Revni</b>	<b>Revni</b>
<b>1</b>	\$12,060	\$24,120	\$27,135	\$30,150	\$36,180	\$60,300
<b>2</b>	\$16,240	\$32,480	\$36,540	\$40,600	\$48,720	\$81,200
<b>3</b>	\$20,420	\$40,840	\$45,945	\$51,050	\$61,260	\$102,100
<b>4</b>	\$24,600	\$49,200	\$55,350	\$61,500	\$73,800	\$123,000
<b>5</b>	\$28,780	\$57,560	\$64,755	\$71,950	\$86,340	\$143,900
<b>6</b>	\$32,960	\$65,920	\$74,160	\$82,400	\$98,880	\$164,800
<b>7</b>	\$37,140	\$74,280	\$83,565	\$92,850	\$111,420	\$185,700
<b>8</b>	\$41,320	\$82,640	\$92,970	\$103,300	\$123,960	\$206,600
Pou fanmi/fwaye ki gen plis pase 8 moun, ajoute \$4,180 pou chak moun anplis.						
<b>% Lajan ki fèt oswa depase Direktiv Povrete pou ane 2017</b>	<b>100%</b>	<b>200%</b>	<b>225%</b>	<b>250%</b>	<b>300%</b>	<b>500%</b>

